

# Jurnalistik DR441

Jurnalistik merupakan mata kuliah keahlian pilihan yang diproyeksikan untuk memberikan keahlian dan kecakapan dalam bidang kewartawanan, sehingga mahasiswa memiliki kemampuan dasar untuk menjadi wartawan. Dalam perkuliahan ini dibahas tentang: prinsif-prinsif dan sejarah jurnalistik; tugas kewartawanan; bahasa jurnalistik; tata cara penulisan berita, feature, artikel, tajuk rencana (editorial), reportase; teknik wawancara; penyuntingan tulisan; pengelolaan media massa; dan kode etik jurnalistik. Hal tersebut ditempuh melalui upaya pembelajaran dengan penguasaan berbagai teori kewartawanan, serta melalui praktik langsung ke lapangan. Untuk melengkapi dan memberikan pengalaman sebagai wartawan, mahasiswa dimagangkan di salah satu koran berbahasa Sunda yang telah terikat kerja sama dengan Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah/Sunda.

# Wangenan Jurnalistik

**Journal (du jour) → Journalistic → Jurnalistik  
(kawartawanan)**

**Jurnalistik = pers (Ing, press) ---- news & view**

→ Journalis/Jurnalis = wartawan

**Tugas Wartawan:**

- \* muru warta (fakta),
- \* ngaliput kajadian,
- \* ngajujutna dina wangun tulisan, sarta
- \* ngasongkeun ka balaréa.

→ nyiar, nulis, jeung ngémbarkeun warta

## Dumasar UU No. 40/199 tentang Pers

- “Wartawan adalah orang yang melakukan aktivitas jurnalistik secara rutin”
- Dengan demikian dia bekerja di sebuah perusahaan penerbitan pers atau sekedar wartawan lepas (*freelane*) yang rutin mengirimkan tulisan ke media massa.
- Dina nyiar jeung nyieun warta, bagian redaksi koran/majalah miboga acuan nu geus matok, nu disebut **Garis Besar Haluan Redaksi (GBHR)**, nu ngawengku misi jeung visi ti eta lembaga.
- Visi → Tajuk rencana
- Misi → Rubrikasi (nangtukeun segmen pamaca/pangsa pasar)

## **Periode Medal Koran/Majalah**

- Poéan
- Mingguan
- Dwi mingguan
- Bulanan

# **Segmen Pamaca Koran/Majalah**

## **A. Umur**

- Majalah barudak (*Bobo*)
- Majalah rumaja (*Hai, Gadis*)
- Majalah dewasa (*Matra, Femina*)

## **B. Jenis Kelamin**

- \* Majalah wanoja (*Femina, Nova-tabl.*)
- \* Majalah lalaki (*Matra, Playboy*)

## C. Tematis (widang kahirupan)

- Majalah Otomotif
- Majalah arsitektur
- Majalah budaya/sastra (*Horison, Cupumanik*)
- Majalah kulawarga (*Intisari, Mangle*)
- Majalah agrobisnis (*Trubus*)
- Majalah HP (*T&t, Pulsa-tabl.*)
- Majalah ekonomi
- Majalah supranatural (*Metafisik-tabl.*)
- Jrrd.

# Papasingan Jurnalistik dumasar visi, misi katut GBHR

- 1. Jazz Journalism** → Jurnalistik nu ngawartakeun hal-hal nu sensasional (matak geger).
- 2. adversary Journalism** → Jurnalistik nu wartana nimbulkeun pertentangan/permusuhan utamana ka pamarentah (oposisi).
- 3. Government-say-so-Journalism** → Jurnalistik nu ngawartakeun/ngaliput kagiatan pamarentah (corong pamarentah).
- 4. Checkbook Journalism** → Jurnalistik nu nyiar wartana kudu muruhan sumber berita.
- 5. Alcohol Journalism** → Jurnalistik nu teu ngajenan urusan pribadi/lembaga (jur. liberal)
- 6. Crusade Journalism** → Jurnalistik nu merjoangkeun ajen-inajen (demokrasi, kaislamahan, bebeneran, jrrd)

## **Sangkan media massa bisa langgeng (eksis)**

1. Numuh keun fanatismeu pamaca
2. Meungkeut kasatiaan pamaca
3. Sina jadi prestiseu/gengsi

## **4P sangkan media bisa langgeng (eksis)**

1. **Product** → kualitas media: rubrikasi, eusi warta, layout/setting, artistik, perwajahan (cover).
2. **Promotion** → sangkan media bisa ngirut.
3. **Please** → kualitas layanan.
4. **Price** → harga media.

## **3S konci sukses media**

- a. Sehat SDM
- b. Sehat manajemen
- c. Sehat sarana

# WARTA

Warta (*news*) → susuguh utama dina média massa.

"Teu saban kajadian manjing di wartakeun"

- \* aya jelema digégél anjing → lain warta
- \* aya jelema ngégél anjing → warta  
(saha deuih jelemana téh?)

**WARTA kudu nohonan ajen-inajen warta (nilai berita):**

1. cepet/gancang
2. nyata (faktual) {kajadian, sawangan, pernyataan}
3. penting
4. pikaresepeun

## NYUSUN WARTA


5 W + 1 H

(naon, saha, iraha, dimana, naha bet kitu, & kumaha)

→ Kajadian nu pangpentingna diheulakeun

## Conto:


- Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI (*WHO*) baris ngadongdon (*WHAT*) ka kantor redaksi Majalah *Cupumanik* Jl. Taman Kliningan No. 2 Bandung (*WHERE*), Salasa (29/9) (*WHEN*). Eta hal dimaksudkeun pikeun niténan prosés gawé karedaksian sacara langsung di kantor penerbitan majalah atawa koran (*WHY*). Sakumna mahasiswa daria pisan ngabandungan pedaran ti pamingpin redaksi *Cupumanik* (*HOW*).



**Klimaks** -----→ **keterangan**

(téras/poko warta/lead)

(péréléan warta)



(aseupan nangkarak/piramida tibalik)

## **NYIAR WARTA**

*(news hunting, news getting, news gathering)*

- 1. réportaseu – liputan langsung ka TKP.**
- 2. wawancara**
- 3. studi kapustakaan**

# KAJADIAN

dihaja  
(ngistrénan, kagiatan)

teu dihaja  
(kahuruan, kacilakaan)

## **STRUKTUR WARTA**

- 1. Judul (*head*)**
- 2. dateline (PR, Senin....., Jakarta: Kompas.....)**
- 3. téras warta (*lead*)**
- 4. eusi warta (*body*)**

# TERAS

## TERAS CACARITA

*Peuting geus ngagayuh ka subuh, tapi jalma-jalma masih balawiri bangun nu hayang nyacapkeun kasenang dina caangna bulan, ma'lum keur pakansi, katambah anyar lebaran, atuh tangtu rea urang kota nu ngahaja .....*

## TERAS PANANYA

*Saha sabenerna nu nageugeuh UPI ayeuna? Rektorat, MWA, Dewan Audit, atawa Ormawa? Tangtu wae pikeun nimukeun jawabanana .....*

## TERAS KUTIPAN

*Politik teh kotor. Matak singsaha wae anu ancrub dina dunya politik, saestuna manehna teh keur kokojayan dina cileuncang anu ngocor ti jarian .....*

## TERAS TINGKESAN

*Mimitina mah manehna teh nyoba-nyoba, dadagangan di sisi jalan, tapi kiwari geus jadi pangusaha nu jugala.*

## TERAS SORA

*Hong! Lima PNS di lingkungan Pemkot Bandung kaperego keur balakecrakan tabuh dua belas beurang di hiji restoran.*

## TERAS PANGGENTRA

*Saderek peryogi mobil!*

*Kantos nepangan lembaga kiridit tapi prosesna lami, tepangan bae .....*

## TERAS DESKRİPTIF

*Dedegana mah biasa-biasa bae, teu nembongkeun yen manehna teh jelema beunghar, malah caludih-caludih acan. Indit-inditan ukur make sendal capit jeung kaos kurung ....*

# FEATURE

- FEATURE → Karangan has nu ngungkab fakta, kajadian (proses katut runtuyan kajadianana), perkarana, wangun, & cara kajadianana.
- → why & how
- CIRI-CIRI FEATURE:
  - ngandung unsur human interest/human touch
  - leuwih anteb, emotif, ngalipur, empati, kalan-kalan matak ngahelas.
  - soft news
  - ngandung unsur sastra
  - ditulis make gaya fiksi
  - entertainment koran/majalah
  - kudu awas paningal, seukeut rasa, & jero ngalelemu
  - wartana geus umum, tapi aya nu can kaungkab.

- **WANDA FEATURE:**
  - Feature berita
  - Feature artikel
- **WANDA FEATURE dumasar eusi:**
  - Faeature human interest
  - Faeature biografi
  - Faeature lalampahan/perjalanan
  - Faeature sajarah
  - Faeature pituduh praktis (tips)

# STRUKTUR TULISAN FEATURE

- Judul (head)
- Teras (lead)
- Brigade atawa rawayan antara *lead* jeung *body* (teras & raga)
- Raga tulisan (body)
- Panutup, ilaharna ngait kana *lead*, nimbulkeun panineungan atawa bibirigidigan, nyindekkeun atawa nimbulkeun pananya tanpa jawaban.

# TERAS WARTA 5W 1H

## **What**

Masjid Al-furqon UPI diresmikeun ku Rektor Universitas Pendidikan Indonesia, salasa (3/12).....

## **Who**

Rektor Universitas Pendidikan Indonesia ngaresmikeun Masjid Al-furqon UPI, salasa (3/12).....

## **Where**

Di Gedong Bale Pertemuan UPI keur lumangsung seminar pendidikan, kalawan panyaturna gubernur Jawa Barat....

## **When**

Ti mimiti isukan, sakumna pedagang kaki lima nu aya di alun-alun Bandung kudu nyingkah. Eta hal the minangka tarekah .....

## **Why**

Sangkan wewengkon Majalaya jeung sabudeureunana teu katarajang banjir (caah),  
Bupati Bandung baris nganckokeun proyek pangwangunan dam di eta wewengkon....

## **How**

Ngan ku cara diajar jeung terus diajar, kualitas sumber daya manusa bisa terus  
dironjatkeun....